

Lajan P-EBT pou ane lekòl 2020-2021

Alo fanmi Brookline yo,

Elèv yo ki kalifye pou repa gratis oswa bon mache nan lekòl nou an ap jwenn lajan EBT Pandemik (P-EBT) pandan ane lekòl 2020-2021 an. Lajan P-EBT a ka itilize pou ede ou achte manje ki bon pou elèv ou ak fanmi ou. Li enpòtan pou rete an sante, sitou pandan pandemi COVID-19 la.

Konbyen kòb m ap jwenn?

- Elèv kalifye yo ki nan yon sitiyasyon aprantisaj konplètman adistans ap jwenn \$117.20 chak mwa.
- Elèv ki nan yon sitiyasyon aprantisaj ibrid ap jwenn \$58.60 chak mwa.
- Elèv ki ale lekòl swa mwatye jounen oswa konplètman an pèsòn pa kalifye pou P-EBT.

Kijan pou mwen jwenn P-EBT pou mwa oktòb ak novanm?

- Lajan pou mwa oktòb ak novanm lan ap bay YON SÈL kou.
- **Mwen te resevwa P-EBT nan tan pase:** Lajan an pral ajoute sou kat EBT oswa P-EBT ou a nan fen mwa desanm.
- **Mwen nouvo nan P-EBT:** Si ou resevwa SNAP ak/oswa TAFDC, chèche fon pou ajoute sou kat DTA EBT ou genyen deja a. Si ou pa resevwa SNAP ak/oswa TAFDC, chèche yon lèt DTA ak yon kat nan kourye a nan mitan mwa janvyè.

Kijan pou mwen jwenn lajan P-EBT an 2021?

- **Mwen te resevwa P-EBT nan tan pase sou yon kat P-EBT:** Apati janvyè, tcheke kat P-EBT ou pou lajan nan dat 25 chak mwa pandan rès ane lekòl la.
- **Mwen te resevwa P-EBT nan tan pase sou kat DTA EBT mwen an:** Apati janvyè, tcheke kat EBT ou a pou lajan nan dat 25 chak mwa pandan rès ane lekòl la.
- **Si ou nouvo nan P-EBT:**
 - Si ou resevwa SNAP ak/oswa TAFDC, tcheke kat DTA EBT ou pou lajan.
 - Si ou PA resevwa SNAP ak/oswa TAFDC, w ap resevwa yon lèt nan kourye ki sòti nan DTA. W ap jwenn tou yon kat P-EBT nan kourye a nan yon lòt anvlòp. **KENBE LÈT LA JISKASKE OU JWENN AK ANTRE PIN KAT LA.** Lèt la gen nimewo dosye elèv ou yo ke w ap bezwen pou ou antre PIN kat la.

Chak mwa, lajan an pral ajoute sou kat ou nan dat 25 nan chak mwa pou mwa anvan an. Egzanp: lajan P-EBT mwa fevriye ou a pral baze sou sitiyasyon aprantisaj elèv ou yo nan mwa janvyè.

Ou pa gen kat P-EBT ou a ankò?

Mande yon kat ranplasman nan DTAconnect.com/pebt. Si ou bezwen èd pou jwenn yon nouvo kat, kontakte Depatman Sèvis Alimantè Brookline nan. Si ou bezwen yon nouvo kat EBT, rele DTA nan 1-877-382-2363.

ENPÒTAN: Lè w sèvi ak P-EBT, sa pa gen enpak sou ou menm oswa sou sitiyasyon imigrasyon elèv ou an. Règ chaj piblik la pa aplike nan pwogram sa a.

Bezwen plis èd pou manje?

- Si ou kalifye pou P-EBT ou gen chans kalifye pou lajan kontinyèl SNAP pou manje chak mwa. Tcheke kalifikasyon ou epi aplike nan DTAConnect.com.
- OU kapab pase pran repa eskolè GRATIS nan lekòl la tou oswa nan lokal ranmasaj adistans yo. Jwenn yon sit toupre ou nan www.meals4kids.org/find-meal-site.

Jwenn èd: vizite MAp-EBT.org oswa Depatman Sèvis Alimantè

Ak tout kè mwen,
Depatman Sèvis Alimantè BPS